



Pou Piblikasyon Imedya: 10/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KANPAY FÒS DE LÒD YO KONT MOUN K AP KONDUI AK KAPASITE KI AFEBLI PANDAN WIKENN SUPER BOWL LA**

***Akselerasyon peryòd kanpay fòs de lòd yo pral fèt soti 10 fevriye rive 13 fevriye***

***Plis pase 900 arestasyon pou DWI epi yo te bay 26,000 kontravansyon pandan kanpay 2022 a***

Gouvènè Kathy Hochul today te anonse jodi a ke fòs de lòd eta ak lokal New York yo pral mete sou pye patwouy ak sible moun ki ap kondui ak kapasite afebli pandan wikenn Super Bowl la. Kanpay fòs de lòd yo pral fèt soti vandredi 10 fevriye 2023, pou rive lendi 13 fevriye 2023. Inisyativ sekirite sa fèt pou diminye aksidan sikilasyon ki lye ak alkòl ak dwòg. Se STOP-DWI ki esponsorize li avèk finansman [Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a](#).

"Nou vle tout moun sou wout New York yo rete an sekirite pandan y ap reyini ansanm ak zanmi ak fanmi pou gade Super Bowl la, epi se poutèt sa lapolis pral nan lari pou chèche chofè ki gen kapasite afebli epi ki danjere yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Fè yon plan - anboche yon taksi, gen yon chofè ki deziyen pou evite konsekans mòtèl chofè ki gen kapasite afebli epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite".

Pandan kanpay 2022 a, fòs de lòd nan tout eta a te bay 27,398 kontravansyon pou vyolasyon veyikil ak lwa sikilasyon, ki enkli 919 arestasyon pou DWI. Repatisyon konplè a isit la:

| <b>Vyolasyon</b>               | <b>Kantite<br/>Kontravansyon</b> |
|--------------------------------|----------------------------------|
| Kondui avèk Kapasite<br>Afebli | 919                              |
| Kondi Distrè                   | 859                              |

|                                 |               |
|---------------------------------|---------------|
| Vyolasyon Lwa Mete w<br>Akote a | 102           |
| Lòt Vyolasyon                   | 18,898        |
| Senti sekirite                  | 694           |
| Eksè Vitès                      | 5,926         |
| <b>Montan Total</b>             | <b>27,398</b> |

**Komisè DMV New York la ak Prezidan GTSC a, Mark J.F. Schroeder te deklare,** "Byenke mwen prefere soutni ekip nan vil natal mwen, Buffalo Bills, Super Bowl se yon gwo moman pou w avèk fanmi w ak zanmi w. Kondwi ak kapasite afebli se yon bagay ki ka evite a 100 pousan epi chak chofè ka se MVP (jwè ki gen pi gwo valè) nan kondui yon fason responsab ak planifye davans pou w rive nan destinasyon w lan an sekirite".

**Sirentandan Enterimè Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare,** "Blesi ak lanmò ke chofè ki gen kapasite afebli ak sou lakòz se bagay ki ka totalman evite. Si plan Super Bowl ou yo gen alkòl ladan, fè yon plan pou match la pou w rive lakay ou san danje. Pa gen okenn eskiz pou w pran volan si ou sou oswa gen kapasite afebli epi nou p ap gen okenn tolerans. Lapolis Eta New York vle pou tou moun jwi wikenn Super Bowl la - men fè sa yon fason responsab".

**Chèf Depatman Lapolis Ossining, ak Prezidan Asosyasyon Chèf Lapolis Eta New York la, Kevin Sylvester, te deklare,** "Nou pa ka tann pou match Super Bowl la rive dimanch lè fanmi ak zanmi yo pral rasanble epi pase tan ansanm. Nou rekòmande tout chofè yo pou yo aji yon fason responsab, respekte vwazen nou yo epi kondui tèt klè. Okenn moun p ap gen okenn avantaj si ou bwè epi kondwi".

**Cherif Konte Albany ak Prezidan Asosiyasyon Cherif Eta New York yo, Craig Apple, te deklare,** "Pral gen kèk bon match nan Super Bowl epi ou gen chans pou w fè yon gwo je tou lè w pa kondui ak kapasite afebli. Si ou enplike nan yon aksidan oswa lapolis kanpe w pandan w ap kondui ak kapasite afebli, ou pa ka mande yon sispansyon. Cherif Eta New York yo vle pou w se MVP wikenn Super Bowl lè w gen yon plan pou w rive lakay ou an sekirite epi pa kondui avèk kapasite afebli".

Yon gwo eleman enpòtan nan efò New York pou konbat kondui avèk kapasite afebli se pwogram STOP-DWI a. STOP-DWI defini kòm "Pwogram Opsyon Sikilasyon Espesyal pou Moun ki ap Kondui Pandan yo Sou (Special Traffic Options Program for Driving While Intoxicated, STOP-DWI)". Pwogram STOP-DWI a se premye pwogram otonòm nasyon an sou moun ki ap kondui avèk kapasite afebli. Efò pwogram yo finanse avèk kontravansyon chofè ki koupab yo peye paske yo ap kondui avèk kapasite afebli. Li enpòtan pou note ke kowòdonatè pwogram yo gen ladan divès orijin pwofesyonèl, gen ladan fòs ranfòsman lalwa ak fòs ki pa nan ranfòsman lalwa.

Nou te kreye pwogram STOP-DWI pou ekipe konte yo pou kowòdone efò otorite lokal yo pou redwi aksidan sikilasyon ki gen rapò ak alkòl ak lòt dwòg yo. Tout 62 konte yo chwazi patisipe. Kèk ezanp pwogram ke STOP-DWI la finanse se inite lapolis ki fòme espesyalman pou devwe ak ranfòsman DWI yo, anbochaj pwokirè espesyal yo ak ofisye pwobasyon pou jere kantite ka yo; kontwole aparèy antidemaraj yo, sipòte sèvis reyabilitasyon yo, ak devlope kanpay enfòmasyon ak edikasyon piblik ki apwopriye pou kominote yo andedan rejyon respektif yo. Pou w gen plis enfòmasyon, vizite: <http://www.stopdwi.org/>.

Anplis de STOP-DWI a, GTSC a sipòte fòmasyon pou Ekspè nan Rekonesans Dwòg yo (Drug Recognition Experts, DRE). DRE yo se ofisye ki fòme espesyalman ke fòs lòd la itilize lè yon chofè sanble gen kapasite afebli, men polis la elimine posiblite alkòl kòm kòz oswa sèl kòz enfluyans lan. Yon DRE resevwa fòmasyon konplè ke Administrasyon Sekirite Sikilasyon Otowout Nasyonal (National Highway Traffic Safety Administration) la ak Asosyasyon Entènasyonal Chèf Lapolis yo apwouve (International Association of Chiefs of Police). Fòmasyon an pèmèt ofisye yo obsève epi dokimante siy ak endikatè kapasite afebli nan chak nan sèt kategori dwòg yo gen ladan dwòg ilegal ak preskripsyon yo.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, rezidans kominotè yo, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè ou itilize Tablodbò Disponibilite Tretman NYS OASAS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](http://FindAddictionTreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb NYS OASAS la](http://sitwèb.NYS.OASAS.la).

Pou plis enfòmasyon sou GTSC, vizite <https://trafficsafety.ny.gov/>, oswa swiv konvèsasyon GTSC a sou [Facebook](https://www.facebook.com/gtscny) ak [Twitter](https://twitter.com/gtscny).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418